**Өзбекстан Республикасы жоқары ҳәм орта арнаўлы**

**билимлендириў министрлиги**

**Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети**

**Магистратура бөлими**

**Қол жазба ҳуқуқында**

**Музыкалық тәлим кафедрасы**

**5А141001 (Музыкалық талим методикасы)**

**Махаматдинова Лоланың**

# «Халық сазларын атқарыўда дәслердиң әҳмийети»

**атамасындағы**

## МАГИСТРЛИК ДИССЕРТАЦИЯСЫ

**МАК да жақлаўға рухсат**
**Магистратура бөлими баслығы**
**___________ ю.и.к., доц.А.Гулимов**

**Кафедра баслығы:**
**доц.П.Палуаниязов___________**

**Илимий басшы:**
**Проф.Қ.Заретдинов___________**

**Нөкис-2012**

# М А З М У Н Ы

**Кирисиў…………………………………………………………. 3**

**I –Бап. Қарақалпақ халық намалары ҳәм сазлары ҳаққында улыума кыскаша түсиник бериу………………………………………**6

1.1.Дуутар саз асбабын шертиуде колланылатугын усыллар…….12

1.2.Дуутар саз асбабын шертиуде коллардын озгешелиги………..18

**2-Бап.Дәслердиң дуўтар шертиўдеги қолланылатуғын түрлери ҳәм қағыў усыллары……………………………………………**23

2.1.Дуўтар сазларында налалардың қолланылыўы……………….30

2.2.Қарақалпақ халық намаларының нотаға түсириў жумыслары ҳәм оның әҳмийети…………………………………………………….34

Жуўмақлаў……………………………………………………..38

Пайдаланған әдебиятлар…………………………………………44

**Теманың актуаллығы**. Қарақалпақ халқы әзелден музыка өнерине кеўил қойған халық есапланады. Себеби олардың қобызы менен аламойнақ дуўтары ҳеш қашан қасынан қалмаган. Ол арқалы өзлериниң кеўил кеширмелерин, қайғы ҳәсиретлерин, қуўанышлы ҳәм қайғылы күнлеринде де сол өнерлеринен үнемли пайдаланып келген. Бул теманың таңланыўы сонда, қарақалпақ халқының музщыка өнериндеги, әсиресе саз өнерин үйрениў ҳәзирги дәўирдиң ең актуал мәселеси есапланады. Дуўтар саз әсбабынында дәслерди қагыў усыллары огада машақатлы шынығыў есапланады. Сол себепли болажақ музыка қәнийгесине әлбетте дуўтар саз әсбабында дәслерди қағып үйрениў ең әҳмийетлиси есапланады. Бул тема өзиниң актуаллығы менен ең әҳмийетли есапланып терең үйрениледи. Бунда дуўтар тарийхы, оқытылыў методикасы, дәс кағыў усыллары дурыс изертленеди.

**Теманың изертлениў дәрежеси**. Дуўтар саз әсбабы догерегинде көплеген илимпазлар илимий жумыслар алып барган. Мысалы Қ.Айымбетовтың «Халық даналығы», Қ.Мақсетовтың «Бақсылар,жыраўлар қыссаханлар», Қ.Айтекеевтиң «Дуўтар тарийхы, дуўтарды шертия ҳәм соғыў усылы», Т.Адамбаеваның «Революции шекемги қарақалпақ музыкасы» Д.Алланазаровтың 2002-жылы 40 саздан ибарат «Қарақалпақ халық сазлары», балалар көрек-өнер ҳәм музыка мектеплериниң биринши классы  ушын сабақлықларында саз әсбаб ҳаққында  азлы кем соз етиледи. Мысылы Қ.Айымбетовтың «Халық даналығы» мийнетинде көбинесе халықтың урип-әдет косықлары, саз әсбаблары ҳаққында айтылады. Қ.Мақсетовтың «Бақсылар,жыраўлар қыссаханлар» мийнетинде қарақалпақ халқының бақсылар,жыраўлар

қыссаханлар өнерлери тарийхы ҳаққында кең түрде жазылады. Қ.Айтекеевтиң «Дуўтар тарийхы, дуўтарды шертия ҳәм соғыў усылы» китабында қарақалпақ дуўтарының соғылыўы ҳаққында ҳәм шертиў усылларын айтып өтеди. Т.Адамбаеваның «Революции шекемги қарақалпақ музыкасы» мийнетинде тийкарынан қарақалпақ хылык намалары оның қурылыслары, Муўсабақсы доретпелерин үйренеди.

Бизлердиң мийнетимизде арнаўлы түрде дәслер ҳаққында кен түрде жумыс алып барылады.

**Теманын максет ҳәм уазыйпалары.** Бизиң ата-бабаларымыздың әсирлер даўамында өзиниң айрықша, өзине тән миллий колоритке ийе көркем-өнерин көздиң қарашығындай сақлай отырып, бизиң жасларымыз ата-бабаларымыздан мийрас болып келген Ала мойнақ дуўтар саз әспабын үйренип, дүнья жүзлик мәмлекетлерине барып миллий ғәзийнелеримизди таныстырып келмекте.

Ата-бабаларымыздан мийрас болып қалған бақсышылық өнери, ғәрезсизлик алғаннан кейинги жыллары бизиң елимизде фольклорымызға айрықша итибар қаратылды ҳам оны раўажландырыўдың дәслепки қадемлери болды. Ҳәзирги ўақытта көркем-өнер колледжинде, жоқары оқыў орынларында, районларында да балалар көркем өнер ҳәм мектеплеринде балаларға, жасларға усы өнерлерди үйретиўине жумысымыздың белгили дәрежеде тәсирин корсетиў бизлердиң баслы ўазыйпамыз есапланады.

**Изертлеўдиң илимий жаңалығы.**

Дуўтар саз әсбабында дәслерди қағыў усыллары ҳаққында жаңаша көз-қараслар тийкарында изертлениўи ҳәм оны келешек әўладқа жеткериўдеги керекли дерек спатында қалдырыў бизлердиң жаңалағымыз саналады.

**Изертлеудин методлары:** Педагогикалык анализ, баклау, анкета, сорау-жуўап, саубетлесиу, педагогикалык эксперемент.

**Изертлеудин метадологиялык тийкарлары** Өзбекстан Республикасынын констетуциясы, Өзбекстан Республикасынын «Талим хаккындагы» нызамы, «Кадрлар таярлаудын миллий дастури», Миллий гарезсизлик идеологиясы: тийкаргы тусиниклери, Өзбекстан Республикасы президенти И.А.Каримовтын шыгармалары ҳәм шыгып сойлеулери баян етилген темага байланыслы пикирлери орын алған.

**Натийжелердң апрабациясы**. Диссертация 2012-жылы Музыкалық тәлим кафедрасының май айының № протоколы менен талықлаўынан өткен.

## 1.Бап. Қарақалпақ халық намалары ҳәм сазлары ҳаққында улыума кыскаша түсиник бериу

Қарақалпақ бақсыларының репертуарларынан орын алған халық намалары, сазлары ҳәм атқарған дәстанлары халқымыздың ықласында айрықша дыққатқа ылайық орынды ийелеген ҳәм өзиниң сулыў налалары менен халқымыздың жүрек сырларын толғатады. Намалар арқалы, олардың ырақ қайырымлары, қарақалпак хылқының миллий өзгешелигин, мәдeният тарийхын, ата-бабаларымыз дөреткен ҳәр бир руўхый байлықты жоғалтпай келген мийрасынын бири усы намалар болып есапланады: Буған, бириншиден, «Нама басы», «Сайра дуўтар», «Қара жорға», «Дәс нама», «Сый перде», «Жаман шығанақ», «Ҳәуиж», «Мухаллес», «Суў серпер», «Халқалы», «Бес перде», «Саналы келди», ҳәм басқада йошлы сазларды атап өтсек, екиншиден, «Адыннан», «Қызлар үйге кир», «Бозатаў», «Налыш», «Мухәллес», «Гулпағ», «Ақсыңгүл», «Кеңес(ийшан)», «Қашым палўан», «Муңлы қыз», ҳам басқада көплеген белгили намаларды халық қосықларымызды, дәстанлардан алып-алынған косықларға арналған намаларды атап өтсек арзыйды.

Бул намалар бақсы, сәзенделеримиздиң репертуарларынан турақлы орын алып, дуўтардың тарларында жаңлап, халыктың мийрин қандырып, ықласына бөленип киятыр.

Қарақалпақ халық сазлары ҳәм намаларының бир қатарын бақсылар өзлериниң турмысынан алып дөреткен. Мәселен: «Жаман шығанақ» намасы. Бул нама Арзы бақсыдан мийрас болып киятырған нама. Оның келип шығыў тарийхы төмендегише болған.

Хийўа ханының әдетке айланған тәртиби бойынша қол астындағы сәзенде, бақсыларды жыйнап нама еситпекши болған.

Қоңыраттан Арзы бақсы да шақыртылады. Ол әмиўдәрьяның иши менен кемешилерге дусласып, оларға өзиниң Хийўаға шақыртылып баратырғанын айтады. Кемешилер арадан аз ўақыт өткеннен кейин өзлериниң салдаў тартып шаршағанын шығарыў ушын бақсыдан бир-еки аўыз қосық айтып, саз шертип бериўин өтиниш етеди. Арзы бақсы дуўтарын қолына алып, кеменин ишинде бир наманы шертеди. Өрлеп арқан тартып баратырған жигитлер наманы берилип тыңлайды. Дарьяның «Жаман шығанақ» атлы бурылма жерине келгенде, Кемени басы бурылып, салдаўшыларға күш бермей, ийирим Кемени алып кетеди. Нәтийжеде кеме аўдарылып ишиндеги адамлар ҳәм Арзы бақса да зорға дегенде жағаға шығып үлгереди екин [4].

«Бес перде» намасы-бул Ақымбет бақсыдан мийрас болып қалған нама. Оның шығыў тарийхы туўралы халық аўзынан алынған мағлыўматларға қарағанда, Хийўа ханы бес журттан бақсылар шақыртқан. Қарақалпақстаннан Ақымбет бақсы, Қазақтан Абдулла күйши, Хорезмнен шәмши бақшы, Бухарадан-Мамыт бақсы, Туркменнен-Берди бахши барған.

Барлық бақсылар ханы алдында бир намадан шертип ҳәм қосық айтып өтеди. Ақымбет бақсыда өз гезегинде намасын шертип болғаннан кейин хан оннан «Сизиң шерткен намаңыз қандай түсиндириң»-деп сорайды. Сонда Ақымбет бақсы «-Мен бес жуурттан келген бақсыларды дуўтардың бес пердеси менен тәрийпледим»-деп жуўап береди. Соннан берли, бул нама бақсы сәзенделер репертуарында «ьес перде» намасы болып аталып, атқарылып киятыр[5].

-Және де бир мысал. «Қошым Палўан» намасы. Өткен заманда халық арасында Ақымбет, Муўсадан да бурынырақ жасаған қошым деген палўан болған. Оны «Қос бармақлы Қосым палўан» деп те атаған. Ол палўанлық

---

[4] Алламуратов А. Доспанов О. Тилеўмуратов Г. «Қарақалпақша көркем-өнер атамаларының сөзлиги» Н. 1991. 20-бет.
[5] Алламуратов А. Доспанов О. Тилеўмуратов Г. «Қарақалпақша көркем-өнер атамаларының сөзлиги» Н. 1991. 13-бет.

пенен бирге атақлы бақсы да болған. Ол ҳәр ўақыт гүреске түсер алдында өзиниң ең жақсы көрген намасын шертеди екен. Бул намасын шертсе гүресте әлебетте, кандай палўан болса да жығып, жеңип шыға береди екен. Усылай етип оның гүреске түсер алдындағы  намасын адамлар «Қошым палўан» деп атап кеткен.

Бул нама ҳәзирде бизиң бақсыларымыз, қосықшыларымыз тәрепинен сол аты менен аталып, атқарылып киятыр. Бул нама барлық дәстанларда сүйиўшилик ҳаққындағы қосықлары менен айтылады. Себеби, наманың қурылысы, ырғақ мотивлери лирикалық мазмунда бериледи. Сонны менен онда үлкен жигер сезиледи.[6]

«Сый перде» сазынын келип шығыў тарийхын мысал етип келтиретуғын болсақ, бул нама тарийхый мағлыўматларға қарағанда Арзы бақсы тәрепинен дөретилген. Бақсының лақабы «Молла Арзы» болған. Оның себеби Арзы бақсы Хийўада медресе де оқыған. Өзи жүдә жарлы екен, қамбағалшылықтың зардабынан бир неше реет оқыўын таслап  та кетеди. Аўылдағы ағайын туўғанлары ғәрежет жыйнап, Арзынын оқыўын даўам еттиреди. Солай етип Арзы Хийўадағы медресени тамамлайды. Өзиниң жастан үйренген талабы , дуўтар шертип, қосық айтыў болғаннан кейин, медреседе оқып жүрседе бақсышылық өнерин тасламайды. Бир неше реет мола тәрепнен қатты куўдаланады. Медресени питкериўшилер қолларына гуўалык алар алдында өзлериниң сонша жыл окытқан молласына анаў-мынаў сыйлықлар берип хошласады екен. Арзы жүдә жарлы болғанлықтан молласына хеш нәрсе табаалмайды. Басқалары ҳәммеси ҳар түрли сыйлықлар берип атырса, Арзы молласының алдына саққа жүгинип, бир дизеге қонып, шапанының ишинен дуўтарын алып, «-Тақсыр, сизге әкелген мениң ондай бир ат-тон сарпайым жок, бирақ сизге деген жақсы сазым бар, сонны саўға етемен» деп бир сазды шеркен екен.

---

[6] Алламуратов А. Доспанов О. Тилеўмуратов Г. «Қарақалпақша көркем-өнер атамаларының сөзлиги» Н. 1991. 54-бет.

Соннан берли бул саз «Сый перде» сазы болып аталған. «Сый» қәдимги сыйлаў, «перде» дуўтардың он еки пердеси, демек «Сыйға дуўтар пердеси»дегенди аңлатады.[7]

Қарақалпақ халқының дуўтар сазлары раўажланған, тамамланған мелодиясының толықлығы ҳәм көп вариантлылығы жағынан Қарақалпақ аўыз еки профессиональ музыкасында үлкен орын ийелейди.

Олардан, «Нама басы», «Мың тумен», «Суў серпер», «Қара жорға», «Налыш», «Хошым палўан», «Муҳәллес», ҳам тағы басқа да сазларды атап өтсек арзыйды. Мине, усындай сазлардын ишинен халық арасында кең тарқалып, массалық характерге ийе болған түри-бул «Нама басы» намасы. Ол бақсышылық искусствосының «гимни» сыпатында жүритилип, жыйынларда, тойларда бақсылар усы намадан баслайтуғын болған. Сонлықтан да бул нама ел арасында «Бас нама» деп те айтылып кеткен.

Қарақалпақ халык намаларының халықтың ықласына болениўине, әлбетте наманың рән-бәреңлиги ҳәм таланатлы бақсы-сазенделеримиздиң жоқары дәрежедеги ықлас ҳәм илҳам сезимлериниң жетегинде болып, наманы мазмунлы, йошлы ҳәм толық атқарылыўы бақсы-сазенедлеримиздиң атқарыў шеберлигинде болып табылады.

Халқымыздың әсирлер жолларынан киятырған музыка мәдениятының мийраслары ҳәр бир халықтың руўхый дүньясы болып есапланады. Халық музыка менен бир тән, бир Жан болып келген.

Қарақалпак халқынын бай көркем өнериниң дөрелиўи, қәлиплесиўи жағынан жәмийетлик дөретиўшиликке тийкарланады. Қарақалпақ фолъклорын дөретиўшилери ҳәм атқарыўшылары, өзлериниң жырлаған жыры, айтқан қосығы, ҳәм шерткен сазына қарап, жыраў ҳәм бақсылар болып бөлинеди. Олардың репертуарлары бир-биринен айрылып турады.

[7] Алламуратов А. Доспанов О. Тилеўмуратов Г. «Қарақалпақша көркем-өнер атамаларының сөзлиги» Н. 1991. 54-бет.

Халық жыршыларының ең ески заманлардан бери киятырған биринши түри Жыраў болады. Оның шертетуғын әспабы қобыз болып, жырлайтуғын репертуары көбинесе батырлар ҳаққында дәстанлар, тарийхый жырлар ҳәм толғаў, термелер болған.

Халық жыршыларының дуўтар шертип, қосық айтып, атқаратуғын өнер ийесиниң бири бақсы деп аталады. Қарақалпак бақсылары жыраўларға қарағанда соң пайда болған. Бақсылар өзлериниң репертуарында сүйиўшилик қосықларын, Қарақалпақ халық намаларын сүйиўшилик дәстанларын, атқарған.

Қарақалпақ халық намалары өз оригиналлығы, миллий колоритлылығы менен айрықшаланып турады.

«Музыка-Шығыстики, бул шығыс философиясы, шығыс халқына тийисли көпленген жәксы пәзийлетлер онда сәўлеленген. Уллы Шығыс музыкасы, дүнья музыкасы мәдениятын өз тәсирин тийгизди[8]» -деп баҳалайды. Президент И.Каримов.

Туўры, халқымыз музыкалары оғада көркем, халықтың жүрегине тез сиңип баратуғын, инсанға йош бағышлайтуғын әжайып ырғақларға ийе. Қарақалпақ миллий сазлары, қосықлары ҳәм дәстанлары музыка ғәзийнелеримиздиң мақтанышы, ҳам бул шығармалар халықтың бийбаҳа ғәзинеси, байлығы болып есапланады.

«Жеке өзими қарақалпақ халқының әжайып өзгеше искусствосы оғада унайды»-деп көрсетеди Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.каримов 2-май 2002-жылғы Қарақалпақ республикасы Жоқарғы Кеңесиниң нәўбеттен тысқары сессиясында[9].

Бул әлбетте, музыка мәдениятымыз халқымыз арасында айрықша итибарға ийе болғанлығынан дерек береди.

---

[8] Каримов И.А. По пути безопасности и стабильного развития. Т-6. Тошкент

[9] Каримов И.А. Раскрытия потенциал Каракалпакской земли, подъем уровня жизни лбдей актуальная задача. Правда Востока. 2002 г. 3-май.

Бизиң ата-бабаларымыздың әсирлер даўамында өзиниң айрықша, өзине тән миллий колоритке ийе көркем-өнерин көздиң қарашығындай сақлай отырып, бизиң жасларымыз ата-бабаларымыздан мийрас болып келген Ала мойнақ дуўтар саз әспабын үйренип, дүнья жүзлик мәмлекетлерине барып миллий ғәзийнелеримизди таныстырып келмекте.

Ата-бабаларымыздан мийрас болып қалған бақсышылық өнери, ғәрезсизлик алғаннан кейинги жыллары бизиң елимизде фольклорымызға айрықша итибар қаратылды ҳам оны раўажландырыўдың дәслепки қадемлери болды. Ҳәзирги ўақытта көркем-өнер колледжинде ҳәм басқа да дерлик республикамыздың барлык қала, районларында да музыка бөлими ашылып онда көплеген жасларымыз қарақалпақ халық намаларын, сазларын тереңнен үйренип атыр.

Қарақалпақ халқының музыка искусствосы, ондағы оғада үлкен орын ийелеген халқымыздың миллий нама қосықларын жасларымызға үйретиў ҳәзирги дәуирдиң ең актуаль мәселелериниң биринен болып қалмақта.

Елимиз Президенти И.А.каримов илимпазлардың алдына халқымыздың тарийхын, мәдениятын, көркем-өнерин, үрип-әдетин, дәстүрлерин сапалы өзлестирип уйрениўди айрықша ўазыйпа етип қояды[10].

Сонны ушында халқымыздың музыкаларын, халық намаларын, қосықларын, еледе кеңирек үйренип изертлеў лазым деп ойлаймыз.

Президентимиз И.А.каримовтың «Халқымыздың сүйениши, ата-бабаларымыздың қалдырған әҳмийетли мийрасларының өзи үлкен бир ғәзийне. Бул ғәзийнеден ақылға сай пайдаланыў лазым. Ата-абабалар ўәсиятына садық ҳәм мүнәсип болыўымыздың қалдырған бийбаҳа ғәзийнелериниң қәдирине жете билип, ҳәм оны қәстерлеп халықтың дыққатына инам етия жүдә орынлы».

---

[10] Каримов И.А. «Тарихий хотрасиз келажак йок»Тошкент «шарқ»1998 й. 5-бет.

Ата-бабаларымыздың қалдырып кеткен бай ғәзийнеге ийелик етип отырған Қарақалпақ халқында «Ҳалы»деўге болмайды, оның келешеги уллы Ғәрезсизлик шарапаты менен бүгинги күнге дейин ҳәр қыйлы тараўларда өрис алып киятырған музыкамыздың мактанарлы тәреплери молшылық.

## 1.1.Дуутар саз асбабын шертиуде колланылатугын усыллар Шеп қолдың техникалық мүмкиншиликлери

Көпшилик халық саз әспабларында тек шеп қолдың саз әспаб барысы менен тийкарланады. Перделерди дәстине баслаў арқалы сазлар шертиледи. Халық музыкалы әспабларда бармақ ҳәм перделер түрлише сәйкесликке ийе болады. Мысалы: рубаб-прима шертиўлерде бир бармаққа 1 перде сәйкес, келсе дуўтар қашқар-рубабы да 1 бармаққа 1 пере туўра келеди. Ал, жүдә төменги регистрдеги әспаблар болған дуўтар контрабас, қобыз-контрабасларды тек 3 бармақ қолланып олардың 3 ҳәм 4 бармақлар қосылып 4 саны менен белгилейди. Солай етип 1- 2-4 бар ҳәр қайсысы 1 перде (0,5 тон) басыў арқалы бул әспаблар шертиледи. Шеп қол 2 ўазыйпаны атқарады. Әспаблардың дәстесин услап турып бармақлар менен перделерди баса шеп қол бармақлары күши ҳәм ҳәрекетшеңлиги бойынша өз-ара тең емес бас бармақ күшли, оның күши 4 бармақтың күшине сәйкес келеди. Ол ҳәрекетшеңлиги орташа болады.Бул бармақ көбинесе дуўтар шерткенде қойылады. Көрсеткиш ямаса балан үйрек деп аталыўшы бармақ музыкалық тәлиминде 1 деп белгиленеди. Ол күшли ҳәрекетшең бармақ. Ортаңғы ортан тирек деп аталыўшы 2 бармақ хамде 3 бармақ ҳәрекети уяң бирақ күшли айырылып журмейди, ал кишкене бөбек ҳәрекетшең бирақ күши аз болып көринеди. Шеп қолбармақлары еркин ҳәрекетте болыўы ушын әспаблардың дәстесин қыспай еркин ҳалда тутыу керек. Бундай

жағдайда сазенцениң қолы талмай ҳәр қыйлы секириўлер еркин ҳәм аңсат түрде орыналанады. Бундай сыпатламадан пайдаланып бармақлардың келешеклерин жетилистириўге арнаўлы шынығыўларды шертиў керек. Позициялар перделердиң араларын тарайып бармақ басыў қаделери өзгереди Бармақлардың техникалық арттырыў ушын арнаўлы шынығыў ҳәм аккордларды шертип турыў керек.

**Мәселен қараңыз бармақлардың дәстеге жайласыўы:**



**Оң қолдың техникалық мүмкиншилиги**

Бир қатар халық саз әспабларын шерткенде шеп қол менен оң қол ҳәр қыйлы ўазыйпаларды орынлайды. Бирақ жумыстың ҳәрекети де 1 мәселеге-әспабы сес шғарыў болғаннан олардың өз-ара сәйкес ҳәрекетти болыўы әҳмийетли болады. Сазенцениң оң қолы шертетуғын әспабларына қарап ҳәр қыйлы ҳәрекетленеди орынлайды. Гиржекти шерткенде тартқышты услап оның техникалық ҳәрекетлерин өзлестириў керек. Тартқышты пайдаланыўда оң колдың буўынлары бас болып ҳәрекет

ислениуи керек. Тартқыштың узынлығын үнемлеп жумсап тарларға басылыў күшин өзгертиў арқалы әспабларын ҳәр қыйлы қаттыдағы счеслерди шығарыў ең толық техникалы сапасы болып саналады. Оларды әсте-әсте ең аңсатынан болып үйретиў керек. Дуўтар-бас, рубабларда сес тармақларында медиатор (плектор) арқалы тербелиске келтириўи пайда болады. бул жағдайларда көп колдың бармақлары пердени басқан ўақытта оң қол тарды тербетиўи керек. Усындай сәйкеслик болмаса сап сес шықпай қалады. Оң қол ҳәрекетинде булшық етлери тартылмай, еркине ҳәрекетте болыўы керек. Себеби тардың себепшиси қайталаўлары қысылып қан айлансы пәсеңлейди, сол себебинен тез шаршайды, оң қолдың жумсайтуғын күши медиаторды услап ҳәм тарды тербелиске келтириўи керек. Әсиресе әспабта тремола болыўы Қолдың бос болыўы оң шаршамастан тәмийинлейди. Дуўтарда дәсти пайдаланыўда қол бос ҳалда болып тек тарларды тербелткендей күш жумсалыяы керек. Жоқарыда айтылған тремола бос болыўы керек. Оң қолдың техникасы шеп қолдың техникасы менен раўажланып барыўы шәрт. Булардан басқа ҳәр әспабта өзине тән болган шертия усыллары болады. Оларды қәнийге оқытыўшы өз оқыўшысына үйретиўи керек.

## Сес шығарыў техника

Сес бул адамға тәсир етиўши қурал адам-анатомиясынан белгили исти адам өзиниң еситиў мүшеси бойынша қабыл етиледи. Улыўма сеслер 2 ге бөлинеди. Шаўқым сеслер ҳәм муңлы сеслер музыкалы сеслер бир қатар қәсийетлерге ийе. Олардан сеслердиң бәлентлиги, тембри күши, созымлығын айтыўға болады. Сестиң тембри тербелген денениң сапасына байланыслы болады. Мысалы: фортепиано, рубаб, гиржек ҳ.т.б. саз әспаблардың тембри ҳәр қыйлы болады. Сестиң созымлығы оның

еситилип турған ўақтына байланыслы, бәлентлиги тербелген дениниң тербелиў жиңишкелигине байланыслы болады. Адамлардың қулағы ә б герц 20 герцти 4.00-4.500 герцке шекемги тербелислерди сезеди. Герц бул дениниң 1 секунда тербелгенининиң саны болып есаплпнады. Сес шығарыў түрлише болады. Сес шығарыў үстине ҳәр түрли ҳәм ҳәр бир саз әспабты түрлише болады. Сес үстинде ислеў әсте тембри, динамикасы ҳәм штрихлары үстинде ислеў болып табылады. Сес үстинде ислеў нәтийжели бөлек сес мәдениятын пайда етеди. Сестиң мәденияты динамикалық, штрихлық нала бериў усылларын тереӊ ийелеген кейин пайда болады. Жоқары әпиўайы шығармаларды шерткениде жақсы еситилип тыңлаўды өзине тартады. Музыкалы сеслердиң улыўма қәсийети-бул тыңлаўшыға эмоциялық тәсир оң сезимлерин оятып ҳәрқыйлы образларды оның көз алдына  келтириўи ибарат. Бунық ушын сести әсиресе созыңқы сеслерди адамның даўысына  уқсатып жүдә тәсирли болады.

**Динамика-**Динамика грек тилин алынып динамика күш деген мәнисти билдиреди. Сазенде сеслердиң күшин бирден ҳәм әсте-әсте өзгертип билиўи керек. Дәслепки үстинде ислеўде пердени басқан бармақты қатты баспай, ал сес шығарылған оң қоллардың ямаса үнлесиўдиң күшин арттырыў арқалы үйрениў керек. Әспаблардың динамиканың үстинде ислегенде ең дәслеп оң динамиканың мүмкиншиликлерин анықлап билиў керек, яғный оның ең әсте-сестинен ең қатты сестиң аралығын билиў керек. Сол арасындағы сеслердиң тембрлери өзлериниң сулыўлығын жоғалтпаўы керек. Егер әспабтан онда жоқ күшли сести талап етсек онда сес өзиниң тембрине жоғалтады ҳәм қулаққа жағымсыз болып еситиледи. Сол себепли оқыўшы өз әспабының ең күшли ҳәм ең әсте шығаратуғын шегараларды билип боыяы керек. Сестиң күшин еситиў аркалы анықлаў менен бирге оны шығармаларға керек болған қолдың күшиниң дәрежесин билиў керек. Әспаблардың динамикалық

мүмкиншиликлерин пайдаланыўда ҳәм жоқары шеклеринде азырақ аўысық орын қалдырыў керек.

Оқыўшы әспаблардың жоқры ҳәм төмен шегараланған анықланғаннан кейин тийкарғы үш динамикалық түсиндириўди өзлестириўи керек еди. (Мецузар менен орташа қатты). Буның ушын ҳәр қыйлы шынығыўларды орынлаў керек. Дәслеп бир сести ҳәр қыйлы күште шертип соңынан гаммаларды шертиў керек. Бул көнликпелерди өзлестирген кейин гаммаларды дәслеп p mf f-динамикада шертип өзлестирип беккемлеў керек. Әспаблардың динамикалық шеклерин ийелеўде гаммаларды өзгермели күш пенен шертиў жүдә пайдалы болады. Бунда дәслепки 4 тактта биринши оннан кейинги 4 тактти әсте шертиў ҳәм керисинше шертиўге болады. Бундай усылда шертип үйретиў сес шығарыўшы колдың күшин ҳар қандай сеслерди шығарыўға жумсаў муғдарын анықлап алыўға басады. Тийкарғы үш динамикалық туслерин басқа пианиссеммо (жүдә әсте) messopiono (орташа әсте) tortissimo-жүдә қатты туслер бар. Демек барлық динамикалық түслер усылларынан ибарат екен. Ҳәр бир түстиң шегарасы еситиў арқалы анықланыўы керек. Динамикалық түсиндириўди сезип оларды есте қалдырып ушын арасы узақ динамикалық басқышларды қолланатуғын шынығыўларды орынлаған мақул. Соның менен бирге арасы узақ динамикалық түсиндириўди шертиўди олардың арасына сыятуғын түсиндириўге орын қалдырыў керек.

**Филировка (тазалаў, толқынлатыў)**-Динамикалық түслерди үйрениў менне бирге сеслерди толыңлатып шертиўди үйрениў керек. Бул усыл 1 ямаса 2,3 ноталарды шерткенде сеслердиң әсте күшейиўи менен пәсейтиўин қосыўлыўынан келип шығады. Бул усылды үйрениў ушын 1 ямаса 2 сести пианиссимо баслар 1 үлесин p-2 үлесин mf ге кем-кем көтерип 3 үлесин 4 үлесине шекем кем-кем p-ға алып келиў керек. Бөлек ноталарды толқынға шертиўди үйренгеннен кейин гамаларды толқынландырып шертиў керек. Бунда 1-нотадан баслап ps-fs ға шекем

келиў керек. Қоңсылас басқшыларға өтиўде де сести толқынлантырып өтиў керек.

**Штрихлар** бул-Штрихлар дегенимиз музыкада сыпатлы нышан болып музыкада сеслерди ҳар қыйлы қылып шығарыў усылы болып табылады. Тийкарғы штрихлар болып легато, деташе, стаккато ҳәм спиццикато саналады. Спиккато . Легато усылы штрихы ноталарды 1 неше байланысып шертиў усылы.

Деташе штрихы ноталарды қысқа созып үзик-үзик етип ҳәм әсте баслап тез ўақытта күшин көбейтиў арқалы орынланады. Деташе штрихын қолланыўда сес жумсақ адамлардың ҳаўазына жақын болып шығады. Стаккато-штрихы бул сести қысқа ҳәм бөлек шығарыў арқалы орынланады. Спиккато-усылы тартқышлы әспабларда қолланылып бунда тартқыш тар үтсине тасланып оның тез-тез майда секириў ҳәрекети қысқа ҳәм майда өткир сеслер пайда болады. Бул штрих пассажды орынлаўда ҳәм музыкада жеңил ҳәм пәрўаз сезимлери көриў ушын қолланады. Бул тийкарғы усылларға қосымша:пицциката (бармақ пенен шертиў) сфорцанда сети күшли баслап бирден пәсейтип таслайды ямаса керисинше) Маркато (бөлек-бөлек салдамалы) Портаменто ә лига менен қосылыўын ноталарды олардың сеслердиң күшин пәсейтиў менен бөлиў, ноклегато стаккато усылы менен тең штрихлар қолланады. Штрихлар арқалы атқарыўшы музыкалық мәнилик әхмийетли көриледи. Сол себепли штрихларды баслы тәсир етиўши қурал деп есаплаўға болады.

**Секириўлер-**Секириўлер бул техникалық усылларының ишинде ең қыйыны болып саналады. Секириўлер бармақ пенен дәс пенен ҳәм қол менен аткарылады. Орынларды бамрақ пенен секириў 1-бармақты 1 перделен 2-пердеге өткериў арқалы орынлайды. Дас пенен секириўде билек қозғалмай қолдың пәнжеси төмене ямаса жоқары ҳәр турли етип бармақларды керекли перделерге жеткерип болғаннан кейин қайтатуғын өз алдына келтриў арқалы орынлаанды. Бармақ ҳам дәс пенен секириялер

жақын аралықларға секириўлерде қалдырылады. Музыкалық шығармаларды атқарыўда 1-октава 2-октава өтиў керек болады. Бундай секириў билекти керекли перделердиң тусына әкелиўинен ибарат бул усылларды қолланыўда бирин биреўи менен шатастырыўға болады. Бул усылларды үйреткенде дәслеп стол үстинде соңынан әспабта шертпестен көрсетип ал оннан кейин әспабта шертия менен бирге көрсетип үйретиў керек. Бул усылларды үйреткенде бармақ секиргенде дәс пенен билек өз араларында турып дасти секирткенде билсек өз орнында турып ал билек секириўде дәс ҳәм бармақлар өз ҳалында болыўлары керек. Тәжирийбеде бул 3 түрли секириўлердиң қоспа түрлери де ушырасады.

### 1.2.Дуутар саз асбабын шертиуде коллардың өзгешелиги

Қоллрадың өзгешелиги де ҳәр колдың өз алдына бир-бирине байланыссыз ҳәр турли етилиўине айтамыз. Музыкалы шығарманың мазмунын ашыўда қолланған ҳәр қыйлы динамика, ритм, штрих, созымлығы секириўлер ҳәм басқа усылларды орынлаў болып табылады. Педагогикалық психология илимий ҳәр қыйлы өзимшеллик сапалы түрде болады, бирақ ол көплеген шынығыўлар ҳәм тәжирийбелер нәтийжелерде ериксиз ҳәрекетке айланады. Оқыўшы сестиң күшин арттырыўда шеп қолдың бармақларын пердеге қатты басыўлардың жоқ екенлигин ал тек оң қолдың ҳәрекетли күшейтиў керек екенлигин түсиниўи керек ҳәм соны оннан талап етиў керек екенлигин түсиниўи керек ҳәм соны оннан талап етиў керек. Шеп қолды қатты тутыў оның техникалық ҳәрекетлерине зыян келтириў оқыўшыларға түсиндириў шәрт. Қоллардың өзимшилигинде ушырасатуғын ең көп қәтелик бул шеп қолда нота өзгенисинде жана нотаны айырықша күш пенне шертиў ал нотаға пәт (акцент) бергенде шеп қолдың бармақларын қатты басыў қусаған қателиклер болып табылады.

## Этюдлар үстинде ислеў

Атқарыўшылық илажларын ийелеўде шынығыўлар ҳәм этюдлар үлкен әҳмийетке ийе. Шынығыў бул екинши дүзилис сана менен қадағалаўшы қоллардың имласы, яғный қоллардың иймеклигин шаққанластырған шеберлигин раўажландырған қурал. Ҳәр қандай көнликпелер шынығыўлар арқалы беккемлеўде ҳам әсте-әсте ериксиз түри ҳәрекеттеги айланысларды (автоматласқан) Автоматластырылған көнликпелерде еситиў арқалы қадағалап турыўы керек. Таза коникпени өзлестиргеннен кейин. Бурынғы көнликпелерди умытпаў оларды раўажландырып барыў керек. Шынығыўларды шертиў көркем шығармаларда ушырасатуғын қыйыншылықларды өзлестириў ушын жумсалған ўақытты үнемлеўге жәрдем береди. Этюдтың ўазыйпасы бул шынығыўдан пайда болған көнликпелерди беккемлеў. Этюдлар техникалык, этюд-пьесаларға бөлинеди. Техникалық этюдлар белгили бир көнликпени бекемлеў ушын қалдырды. Этюд-пьесалар техникалық көнликпелерди беккемлеў меен бирге терең көркем мазмунға ийе болады. Егер белгили әспаб ушын этюд жок болса, басқа әспабларға арналған этюды өзгертип падаланыўға болады. 2 тонлықты өзгертип штрихын жеңиллетип ямаса аўырлатып. Бирақ этюдты таңлап алғанда оның атқарыўындағы көнликпелерди пайда етиўин нәзерде тутыў керек. Баслаўшы баллар менен этюдлар үстинде ислегенде ҳәр қыйлы этюдларды қолланыў нәтийже бермейди. Себеби балалардың дыққаты шашырап кетеди. Оқыўшылардың өсиўине ҳар қыйлы тийкарғы этюдларды бериў мақсетке муўапық болады.

## Он ҳәм шеп қоллардың ҳәрекетин өзлестириў

Оң қолда аткарыўды өзлестириўди әспаблардың ортаңғы тарларын ашық тарлардан басланған мақул. Себеби бул тарлар артады жайлары оң қол билегин жоқары яки төмен жылжып кетиўине жол қоймайды. Даўыс шығарыў ҳәрекетлери оң қол менен мулайым асықпастан әмелге асырылады. Шынығыўларды жоқары яки төмен баслаўды көремиз. Буннан төмен урылған ҳәрекет пенен жоқарыға караған ҳәрекет арасында тоқтаў мүмкин емес. Буннан тыскары медиатордың басқа тарларға урылып кететуғын көриў зәрур болады. Шеп кол бармақларын перделерге болыўда төмен көриўге болады. 1 бармақтан кейин 2 соңынан 3, 4 бармақлар нәўбеттегни перделерге басылады. Бунда бармақлар пердеге басқан ҳалатына қозғатылмайды. Даўыслар жөнелиси арқага яғный тескери атқарыўда 4,3,2,1 бармақлар нәябети менен көтериледи ҳам тарларын узақласқан ҳалда қайсы пердеге басылған болса сол перде үстинде ийиўли ҳалында жәм ҳаректти қайтарыў ушын таяр турады. Атқарыўды уйретиўдиң дәслепки ўақытларында оқыўшылардың бармақлары қолайсыз ҳалатта болыўы мүмкин ҳам олар перделерге жетпей аткарғандай болып туйиледи. Тәжирийбели мәлим шеп бармақтың перделерге жайласыяында dur даўыс қатары қолайлы болып аткарыўшылықты өзлестириўдиң дәслепки пайытында қол келеди. Шынығыўларды атқарып атырғанда 1 нәрсеге итибар бериў керек. 2 в пердеге басылғанда 1 б переделри көтерилетуғын. 3 б пердеге болады 2 в жайында қалыўы керек. ҳ.т.б. Қолдың бармақлары узынлығы ҳәр қыйлы сол себепли олардың күшлеринде бир қыйлы емес.

Саз әспабты атқарыўда оң ҳәм шеп қолларды шынықтырыўда, соның менен таңланған музыкалық шығармалар үстинде ислесиўде шынығыўлар ислеў керек болады.

Музыкалық саз әспабларда сес шығарыў усыллары штрих деп аталады, Саз әспабты шертиўде уақтында қандай штрих таңлап алыў музыкалық шығарманың характерине байланыслы болады. Рубаб саз әспабында сес пайда етиўде медиатор менен пәске ҳәм төменге шертиўде пайдаланатуғын шынығыўлар.

## 2.Бап. Дәслердиң дуўтар шертиўдеги қолланылатуғын түрлери ҳәм қағыў усыллары.

Саздың, наманың мелодиясына ондағы ҳәр қандай қашырымларына қарап дәслердиң пәтли ҳәм пәтсиз үлеси аўмасып турады.

Төмен қарап қағыў ҳәрекетинде бас бармақтан тыскары төрт бармақ қолланылады. Бирақ, наманың мелодиялык қурылысына мазмунына, ондағы қолланылатуғын ырғақларға қарап дәслерде көрсеткиш бармақ та көбирек қолланылады. Буған мысал ретинде қарақалпақ халық намасы, «Хоша дәс» ти алыўға болады. Бул намада көбинесе көрсеткиш бармақ қолланылады. Мысалы: «Хоша дәс» намасы[11].    3-такт.






Мысалда көрип турғанымыздай,  К-белгиси көрсеткиш бармақ пенен төмен қарайды, ал К-белгиси көрсеткиш бармақ пенен жоқары қарай алынады  деген мәнисти билдиреди.

Бул дәс айырым сазларда тез темпте, шертилетуғын ўақытлары да пайдаланылады.

Қарақалпақ халық намаларында ең көп ушырасатуғын дәс- бул бармақларды қосып төмен қарай ҳәм бас бармақ пенен жоқары қарай қағылатуғын дәс болып табылады.



Усы дәстиң нотадағы көринисин мысалда келтирсек. Мысалы: «Әўезим» намасы 1,2 такт.



Бунда П-белгиси төрт бармақты қосып төмен қарай, ал V-белгиси бас бармақ пенен жоқары қарай қағылады деген мәнини аңлатады.

Қарақалпақ халық намаларында көпшилик жағдайда, биринши Леси жоқары карай, силкип, жулқып, алынатуғын дәслер усылы көбирек ушырасады. Бундай дәслер усылында бас бармақ жоқары қарап алынып, ҳәм тез де көрсеткиш бармақ пенен төмен қарай алынады. Бул дәс қаншелли тез, силкип, жулқып алынса, соншелли шырайлы, сулыў еситиледи.



Усы дәстиң нотадағы көринисин мысалда келтирсек.

---

[11] Д.Алланазаров «Қарақалпақ халық сазлары » Қаракалпақстан. 2004 жыл



Биринши үлеси жоқары қарай алынатуғын дәс, «Сый перде» сазында да қолланылады.

«Сый перде» сазы сазлардың ишиндеги ең аңсаты, үйрениўге қолайлы нама болып есапланады. Сол себепли үйреншик сазенделерге үйретиледи.

Ҳәр сазда ҳәр қыйлы дәсти пайдаланыў наманың сапатын, мазмунын ашыўда үлкен әҳмийетке ийе. Мысалы, «Нама басы» сазында бир үлеске үш нота шертиледи. Бул нота топары триол яғный үшлик дегенди аңлатады. Бул дәсте бас бармақ пенен көрсеткиш бармақ избе-излик пенен тең, тез шертиледи.

Бунда К-белгиси-көрсеткиш бармақ төменге, Б- белгиси бас бармақ жоқарыға қарай, К-белгиси көрсеткиш бармақ жоқары қарай қағылады дегенди аңлатады.

Қарақалпақ халық намасының айырымларында 4 бармақты избе-излиги менен төменге қарай қағыў дәси де қолланылады. Бул дәстиң нотадағы көринисин мысалда келтирсек.





Мысалда көрип тарғанымыздай бул жерде дәслер жоқарыдағы усылда қағылады, ал қалған басқа ноталары көрсеткиш бармақ пенен төмен-жоқары кағылады.

Болажақ сазендеге дәслерди үйрениў ушын «Дәс нама» сазын шертиў жүдә қолайлы ҳәм пайдалы болған. Себеби, бул намадағы дәслердиң басым көпшилигин төмен қараған дәслер қурайды.

Дәснама дәс-қол, Нама-саз. Демек, саз шертиў, нама шертиу деген мәнини аңлатады.Соның менен бирге оның дәслепки, биринши деген мәнилеринде бар. Бурынғы бақсылар, тойлар менен мереклерде, отырыспақларда белгили бир дәстанға түскенше, мерекени қыздырыў ушын әўли саздан баслайды. Бир еки саз шерткен соң, дәстанға түсип кетеди екен. Соның ушында «дәс-нама», ямаса «нама-басы»-былайынша айтқанда, наманың басы (дәслепки нама) дегенди билдиреди. Сонлықтанда оның аты өзгерместен елеге шекем бақсылар арасында «Дәснама» болып киятыр.



Бул саз жас сазендени тәрбиялаўда үлкен әҳмийетке ийе.

Дуўтар атқарыўда ҳәм де оны раўажландырыўда, және де сазды раўажландырыўда дәс қағыў усылларының сырлары әҳмийетли орын тутады. Сонны ушын да ҳәр бир атқарыўшы, сазенделик кәсипте дәсти қағыў усылларын толық өзлестирип алыўлары керек.

Дуўтарда қолланылатуғын дәслерди, налаларды нота жазыўында көрсетия үлкен әҳмийетке ийе. Себеби, музыка таныўшылардың айтыўынша нота жазылмаған халық дөретпеси халықтың мийрасы болып есапланбайды делинген. Өйткени нотаға түсирилмей қалған халық дөретпелери бир неше жағдайлар менен бизге жетпей, жазылмай қалыўы да мүмкин. Ал нота жазыўында жазылған бизиң музыкалық мийрасларымыз. халық намаларымызды, басқа миллетлер музыкантлары да дурыс шертиў мүмкиншилигине ийе болады

Нота жазыўы Европада XVII- әсирде, қалиплескен. Ноталарды шертиўдеги усыллар (штризлар) соңынан қолланыла баслаған.

Дәслердиң (штрихлардың) ҳәрекетлердиң ондағы бармақлардың пайдаланыўларын ҳәм дәслерди бир системаға салыў, музыкантлар, музыкатаныўшылар тәрепинен белгиленип халық аралық белгилер қабыл етилген.

Европа да тарлы-тартқыш музыкалык әспаблар ушын тартқыш ҳәрекетин аңлататуғын белгилер қабыл етилген. Бунда төмен қараған ҳәрекет П-белгиси менен, ал жоқары қараған ҳәрекет V- белгиси менен көрсетиледи.

Ал рус халық сазларында, балалайка музыкалык әспабларындағы қағыў ҳәрекети V-белгиси төмен қарай, Л–жоқары қарай қағыўды билдиреди.

Өзбеклерде орыслардың белгилерин қабыл еткен, бирақ халық намаларында қосымша белгилер киргизилген. Бунда қолдың бармақлары

атқарыўшылық дәстүринде қолланылатуғын және де бир усыл бул «чертма» усылы. Бул усыл дуўтар қақпағының төменги яки жоқарғы тәрепине ортаңғы бармақ пенен шертиў (урып) алынады.

Нота жазыўында «чертма »лерди Х ҳәриби менен белгилейди, оның даўыс күши динамик белгилер сыпатында белгиленеди. «Чертма» ойын намаларына сай болып, такттиң түрли-түрли үлеслеринеде қолланылыўы мүмкин. Ол 6 өлшемде жүда кең қолланылады.

Бул усыл Бухара, Самарканд, Ферғана ҳәм Ташкенте «Чертма» деп, ал Хорезм де «урма» деп аталады.

Барлық қабыл етилген дәслерден ҳәм безеўлерден дуўтарда шертиўде бир қатары қолланылады. Мысалы бир дәске қасындағы ноталарды да қосып шертиў усылы. Мысалы, «Қара жорға» намасы 24 такт.

Мелодиядағы ҳәм ырғақлардағы бир дәс пенен алынатуғын ноталардың барлығына «Лига» (.⌒) сызығы менен көрсетиледи.

Дуўтар сазларында қолланылатуғын дәслерди, ырғақларды нотаға түсирип, намаларды китап етип шығарса ҳар бир уллы бақсылардың, мектеплердиң жаратып кеткен бийбаҳа жолын бир-бирине шатастырмай, қәтесиз атқарылып, миллий мәдениятымыздың бийбаҳа ғәзийнелерин мәңгилестирген болар еди. Себеби, дуўтар сазлары атқарылыя процессинде оның дәслери, қайырмалары бир-бирине жүдә усап кетеди.

Егерде дуўтар сазларындағы дәслер нота жазыўында көрсетилсе, ҳәр бир дас ҳәр бир ыргәклар да өз орнын да қолланылып, мөҳирленип қалады.

## Дуўтар саз асбабын шертиўде дәс кағыў усыллары

Қарақалпақ халық намаларының мазмунлы, йошлы ҳәм толық атқарылып, оның халық ықласына бөлениўине, әлбетте бизиң атқарыўшыларымыздың наманы шеберлик пенен атқарып бизге жеткерип бериўинде деп ойлаймыз. Мине, сол шеберликтиң ажыралмас бир бөлегин дәс қағыў усылларының сырлары қүрайды. Шынанда да, дәсти қағыўдың усылларын үйрениў сәзендешилик кәсипте әҳмийетли орын тутады. Себеби дәс-дуўтарды атқароыўда оғада әҳмийетли қурал болып табылады. Дуўтарда ҳәр бир сес дәс қағыў арқалы шығады.

Дәс-бул парс сөзинен болып, «қол» деген мәнини аңлатады. Дәстиң дурыс қағылыўы наманың мәнисин, мазмунын ашыўда үлкен әҳмийетке ийе. Сол себепли, дәс қаншелли дурыс қағылса, нама соншелли сулыя еситиледи.

Дәслер атқарылыўы бойынша пәтли ҳам пәтсиз үлес болып бөлинеди. Төмен қарай қағылған дәс пәтли үлести береди, ал жоқары қарай қағылған дәс пәтсиз үлести береди.

## 2 .1. Дуўтар сазларын атқарыўда налалардың қолланылыўы.

Налалар-тийкарынан наманың мелодиялық жағымлылығын, сулыўлығын, жарасықлығын, мәнисин толықтырып барыў менен бирге, ол миллий колоритти де келтирип туратуғын қәсийетке ийе музыкалық элемент болып есапланады.

Бул ырғақ, налалар әсирлер даўамында қалиплесип, ҳәр бир халықта өзине тән миллий музыкасының ажыралмас бөлеги болып, турақлы өз алдына безеўши элемент болып қалиплескен.

Мысалы, өзбек халқының дуўтар әспабан шертиўде бир қанша безеўши элементлер болып, олардың аталыўы да ҳәркыйлы: Ферғана, Ташкент, ҳәм Хорезм де «Нола», «Қочирим» яки «нахолак» деп аталса, Бухара, Самаркандта «гулпар»деп аталады. Булардың ҳәр бири ҳәр қыйлы усылды пайда етеди.[8]

Музыка безеўлери тийкарғы ноталардан секунд аралығында жайластырылатуғын жәрдемши сеслерди пайда етеди. Олар нота жазыўында арнаўлы белгилер ямаса киши шрифтли ноталар менен көрсетиледи.

Музыкада налалар (форшлаг) еки түрде, қысқа ҳәм үзын налалар болып ушырасады. Қысқа нала бир ямаса бир неше сесден дүзилип, жүдә қысқа атқарылады. Бир сестен дүзилген қысқа нала, ортасынан сызылған сегизлик нота көринисинде жазылады. Бир неше сестен дүзилген қысқа нала (форшлаг) қабырғашалар менен бирлесип он алтылық ноталар менен белгиленеди[9] . Усылларды нота жазыўында мысалда келтирсек.



Узын форшлаг бир сес жәрдеми менен қасында турған нота созымы өлшеўинде атқарылады. Узын форшлагты билдириўши нота белгиси ортасынан сызылмайды.

Енди өзимиздиң миллий мийрасымызда қолланылатуғын налалардың түрлери ҳәм олардың дәс қағыўы усыллары менен алыныўлары менен танысып шықсақ.

Бас бармақ пенен жоқары қарай шаққан, силкип алыў ҳәрекети менен алынатуғын дәске нала алыў. Налалардың жазылыўын ҳәм атқарылыўын төмендегише анықлама түринде анңық көрсетиўге болады.

[8] Расулов Ж.К. «Ўзбек дутор ижрочилиги» Т. 1997. 74-бет
[9] Вахромеев В.А. «Музиканинг элементар назарияси» Т. 1980.

Анықламада көрип түрғанымыздай биринши қатарда намада жазылған қөрсетилген болса, ал астыңғы 2 ҳәм ъ қатарда, ҳәр тарға айырып жазылып анықлап көрсетилген. Енди бул наланы нотадағы көринисин мысалда келтирсек. «Қара жорға» сазы 11 такт.



Мысалда көрип турғанымыздай нала мелодисынын 1,3 ҳәм 4 ноталарының алдына жазылған ҳам анықламада айтылғандай бас бармақ пенен қолды шаққан силкиў ҳәрекети менен алынады.

Мелодиядағы нотанын даси менен алынатуғын налалар. Булар тек «Ля» тарындағы ноталарға қосылып жазылады.

Бул ырғақ мелодиядағы нотаның алдына жазылған. Сонның ушын анықламаның 2 ҳәм 3 қатарында көрип турғанымыздай дас пенен биринши ырғақтың нотасы алынады, ал сонынан тек бармақты алмастырып мелодияның нотасына өтемиз. Сонны нотадағы көринисин «Ҳалҳалы» сазында мысалда көремиз. 32 –такт.



Бул мысалда «Ля» тарының үш нотасынын алдына нала жазылған. Демек үшеўиде сол налалар менен жоқарыдағы анықламадағы усылда алынады.

Бул нала да мелодияның нотасының дәси менен алынады, бирақ бул нала мелодиядағы нотаның изине жазылған.

Бунда дас пенен биринши мелодияның нотасы алынады, соңынан тек бармақты алмастырып наланын натасына өтемиз. Сонны нотадағы көринисин «Дәс нама» сазында мысалда келтирсек. 12-такт.




Бул мысалда  Ля тарында дәслепки  3 нотаға нала жазылған. Демек бул 3 налада  да  биринши мелодиядағы нота, соң нала нотасы алынады.
Өз алдына дәс пенен алынатуғын нала. Бул нала да силкиў, ҳәрекетинде бас бармақ пенен алынады.

Мысалда көрип турғанымыздай, бунда мелизм Ля тарының 3,6,9 ноталарына жазылған. Демек, усы ноталар жоқары айтылған усылда алынады.

6. Глиссандо усылында дуўтарда атқарыўда қолланыўға болады. Бул усыл бир дәстен пайда болған тербелис өшпестен, еки тардағы ноталарды төменге қарай қолды тез жеңил ырғалатыў арқалы алынады.

Глиссандоны зәрүр ўақытлары шеберлик пенен атқарылса, ҳәр қыйлы характердеги шығармалар да жақсы, сулыў нала болып нама шырайлы еситиледи. Глиссандоны нота жазыўда мысал етип көрсетсек. «Мың тумен» сазы. 67 такт.



Қарақалпақ халық намаларында тремола усылы сийрек қолланылады. Бул усыл тек наманың соңында қолланылыўы мүмкин. Тремола-бул дәстиң яки бир неше дәстиң тез-шаққан изли-изинен көплеген реет тербелиси. Бул көпшилик жағдайда көрсеткиш бармақтың жәрдеминде алынады.



Бул усыллардың барлығында наманы байытып, оған қарақалпақ музыкасына тән болған, миллий колоритти келтирип турады.

Усы налалардың қаншелли анны сап, алыныўлары, наманың мазмунын ашыўда, ырғақлардың йошлы алынып атқарылыўлары, әлебтте сазенДениң шеберлигине, тәжирийбесине байланыслы болады. Себеби, оларды жақсы өзлестирип темпти бузбастан, наманың мазмунын ашыў көп мийнетти, айрықша техниканы ҳам де епшилликти талап етеди.

## 2.2. Қарақалпақ халық намаларын нотаға түсириў жумыслары ҳәм онын әҳмийети.

Қарақалпақ халық намаларын өз алдына жыйнап, нотаға түсириў жумысы XX әсирдиң 20-30 жыллары қолға алынды. Белгили композитор А.Затаевич қарақалпақ халық намаларын жазып алып, олар ҳаққында мА берди. 1936-1938 жыллары Ташкенттен Төрткулге келген дирижёр ҳәм композитор, халық музыкасының маманы Богдан Давыдович Туманян Жапақ бақсы Шамуратовтан қарақалпақ халық намаларын 70 жазып алған.

Буннан соң Қарақалпақ халық намалары В.Шафранниковтың 1941 жылы ҳәм 1959-жылы «Каракалпакские народные песни» деген ат пенен Москвада шыққан китабында бираз кең түрде нотасы менен таныстырылады. Бул китап өз дәуиринде қарақалпақ халық намаларының ең сайландыларын жыйнаған ҳәм оны нотаға түсирген биринши жумыс еди[11].

1959-жылы Ташкенте А.Халимов нотаға түсирген «Қарақалпақ халық намалары» топламы баспадан шықты. Онда 110 қосық, саз ҳам қарақалпақ композиторларының намалары басылған. Сол жылы В. Шафранников ҳәм Г. Компаницлер жазып алған «Каракалпакские народные песни» атлы топламы баспадан шықты. Бул топламда 94 қосык ҳәм дуўтар намалары берилген.

1973-жылы Москвада В.Шафранниковтың баян ҳәм аккардион ушын ислеп шыққан «Народная музыка каракалпаков» атлы топламы баспадан шықты. 1980-жылы А. Хайратдиновтың «Қобыз намалары» (сөзсиз 50 нама) 1986-жылы ҳәм 1991-жыллары М. Жийемуратовтың нотаға түсириўинде «Қобыз намалары»деген (100 нама) китабы баспадан шықты.

1996-жылы Қ.Айтекеевтиң «Дуўтар тарийхы, дуўтарды шертия ҳәм соғыў усылы» атлы окыў қолланбасы баспадан шықты. Бул қолланабада 12 қарақалпақ халық сазлары берилген нотаға түсирилген.

Буларға қосымша, Қарақалпақ халық намаларын арнаўлы түрде изертлеген биринши илимпаз көркем-өнер илимлериниң кандидаты Т.Адамбаева болды. Оның «Революции шекемги қарақалпақ музыкасы» Нокис.1976ж. атлы мийнетинде қарақалпақ музыкасының тарийхы, изертлениўи, жаңалық өзгешелиги, қарақалпақ халық сазлары ҳәм саз әспаблары, қарақалпақ музыкасының атқарыўшылығы, бақсышылық өнериниң өзгешелиги, Муўса бақсының намалары, қарақалпақ музыкасының туўысқан халықлар музыкасы менен байланысы сыяқлы

[11] Алланазаров Д. Қарақалпак сазлары. Билим. 2004 3-бет.

бизиң музыка мәдениятымыз ҳаққында терең илимий анализ Берген қунлы баҳалы мийнетлеринен болып есапланады[12].

Соңғы ўақытлары қарақалпақ халық намаларын қайтадан ислеп шығыў, нотаға түсириў жумыслары аз-кем қолға алынбақта.

Жаңа алым, Д.Алланазаров бүгинги күнде қарақалпақ халық музыкаларын нотаға түсирип, оны кең журтшылығымызға жеткизияде, миллий мийрасларымызды мәңгилестириўге үлкен хызмет етип атыр. Д.Алланазаровтың 2002-жылы 40 саздан ибарат «Қарақалпақ халық сазлары» ҳәv 2005-жылы 70 саздан ибарат «Қарақалпақ сазлары» атлы топламлары баспадан шықты. Олардан 40 сазы белгили халық бақсысы Генжебай Тилеўмуратовтан жазып алынған, ал қалған 30 сазы басқа сазенделерден ҳәм магнит ленталарынан нотаға түсирилген. Бул жумыста белгили сазенде Ғайрат Өтемуратов, Д. Алланазаровқа жақыннан жәрдем Берген. Д.Алланазаров қарақалпақ халық намаларын нотаға түсириўде бир қанша жаңалықлар киргизген. Миллий музыкамызға тән ырғақларды, басқа да қашырымларды көрсетиўге тырысқан ҳәм дәслерди де толық түсиникли етип көрсете алған.

Усы жерде биз қарақалпақ халық намаларын атқарыўда сазендениң импровизация қылып билиў уқыбын атап өтемиз. Импровизация-бул атқарыўшының наманы өзгертип, қосымша безеўлер қосып шертиўи болады. Бир наманы шертиўде ҳәр сапары йоштың келиўине байланыслы оны өзгертип, безеўлерди көбейтип, налаларды сулыўлап шертип көрсете билиў сазендеге тән болады.

Қарақалпақ халық намаларын нотаға түсириў, үлкен әҳмийетке ийе, себеби дуўтар сазларының намалардың атқарылыў процессинде, оның айырым дәслери, қайырмалары, налалары бир-бирине усап кетеди. Усы уқсаслықларды да айыра билиўи ҳәм ўақыттың өтиўи мене сазенденин ядынан көтерилип кетпейи ушын оғада үлкен әҳмийетке ийе.

[12] Алланазаров Д. Қарақалпақ сазлары. Билим. 2004. 3-бет

Қала берсе ҳәр бир атқарыўшылық мектеплериниң атқарыўшылық өзгешеликлериде нотаға түсирилип китап етип шығарылса, уллы бақсылардың жаратып кеткен мектеплериниң бийбаҳа жолын бир-бирине алжастырмай атқарылатуғын болса, онда қарақалпақ халық музыкасын, миллий мийрасымызды мәңгилестириўге бир канша мүмкиншиликлер жаратылған болады.

Соның менен бирге, миллий музыкамызды нотаға түсириўдиң әҳмийетли қәсийети соннан ибарат бул ноталастырылған халық намаларымызды, сазларымызды жер шарының қалеген елиндеги музыка менен қызығыўшы қанигелер алжаспай, оқый алыўына, атқарыўына ҳам тереӊ түсинип алыўына мүмкиншилик туўылады. Буның өзи де бақсы, жыраў, сазенде, шыңқобыз шерткен халқымыздың миллий музыкасын жәҳен сахнасына алып шығыўға жәрдем береди.

Философияның нызамлары бойынша барлық зат өзгерип барады: ямаса раўажланады, ямаса кейин шегинеди. Сол сыяқлы халық дөретпелеринде де бир қатар жақсы нускалар жылдан жылға раўажланып, еле де халық дөретпелерин нотаға түсириў талапларын күшейтиў керек.

Белгили илимпаз, фольклоршы, жазыўшы, педагог, филология илимлериниң докторы, профессор Қ.Айымбетовтың айтыўынша «ҳеш қашан халық дөретпелерин толық жазып алдық» деп айтыўға болмайды, себеби бул руўхый тараў үзликсиз өзгерип раўажланып баратыр.

Халқымыздың усындай айыз еки бай ғәзийнеси тийкарында раўажланған саз, намалары, миллий мәдениятымыздың бийбаҳа ғәзийнеси, байлығы, жаратылыстың жарасык еткен уллы саўғасы-болып есапланады.

# Ж У Ў М А Қ Л А Ў

Өтмиштеги узақ тарийх жылларынан киятырған музыка мәдениятының мийраслары хр бир ҳәр бир халықтың руўхый байлығы. Ал, музыка көркем-өнер түрлери адамның руўхый азығы болып саналады.

Музыка-күшли кәраматқа ийе. Ол инсан қәлбиниң рүҳланыўында, қамил инсан болып жетилисиўинде өз тәсирин тийгизеди . Ол адамзаттың бәрҳәма жолдасы болып, оның қуўанышлы, шадлы, ҳәтте инсан жүрегине ҳәсирет толып, түскинликке түскен ўақытлары да руўхый жақтан қоллап қуўатлап, жәрдем етеди. Мысалы, Адам түскиншиликке түскен жағдайда музыка тыңлап, қосык еситсе, ол нама инсан жүрегиниң нәзик тарларын қозғап, толқынландырады, аз да болса йош бағышлап, жубаныш бола алады.

Және де Қаракапақ халқының ҳеш бир тойы, бәзми, қуўанышы музыкасыз, бақсы , жыраўсыз өтпеген. «Саз ҳам сәўбетти ялған демеңлер, Адам ата бинаят болғанда барды» дегениндей саз-саўбет ҳамийше инсанға керек. Ол халықтың арзыя әрманларын, өмирге деген ықласын, өзине сиңдирип, асырып келген.

Ҳалқымыздың усындай бай ғәзийнелериниң бири, халык намалары, дәстанлар яғный халық дөретпелери болып саналады.

Президентимиз И.А.Каримовтың «Халқымыздың сүйениши, ата-бабаларымыз қалдырған мийрасларының өзи бир үлкен ғәзийне. Бул ғәзийнеден ақылға сай пайдаланыў лазым. Ата-бабалар ўасиятына садық ҳәм мүнәсип болыўымыз керек» -дегениндей бул бийбаха ғәзийнелеримизди қастерлеп, қадирлеп, оны ағызбай тамызбай атадан-балаға жеткерип, усы ўақытқа дейин жетип келиўине, әлбетте атқарыўшыларымыздың, бақсы, жыраўларымыздың, сазенделеримиздин атқарыўшылық шеберлигиниң арқасында жетип келди десек алжаспаймыз.

Қарақалпақ халық намалары, қосықлары, сазлары, дәстанлары, қарақалпақ аўыз еки профессиональ музыкасында айырықша орын ийелейди. Қаракалпақ халық намалары өзиниң миллий колоритине ийе. Ол өзиниң көркем, әжайып ырғақлары менен халықтың жүрегине тез сиңип инсанға йош бағышлайды.

Қаракалпақ халық намаларының халық ыкласына бөлениўине, наманың рән-береңлиги, ҳам оның сондай йошлы, толық адамға жағымлы болып атқарылыўлары, әлбетте талантлы бақсы сазенделеримиздиң атқарыў шеберлигинде.

Усы шеберликтиң ажыралмас әҳмийетли бөлеги дәс қағыў, ҳәм намадағы налаларды Оз ўақтында дурыс, шырайлы етип алыя болып есапланады. Бул енди сазенделиң көп жыллық тәжирийбесине, өзиниң ишки сезимлерине байланыслы болады. «Дәс дүзелмей, саз дүзелмес» деген сөз бар. Шынында да дәсти дүзия шертиў, сазендешилик кәсипте үлкен әҳмийетли орын тутады.

Қарақалпақ халық намаларының тийкарын, оның жағымлылығын, сулыўлығын, мәнисин толытырып, мазмунын ашыўшы элемент-бул налалар болып саналады. Ырғақлар ҳәр бир халықта өзине тән миллий музыкасының ажыралмас бөлеги болып қалиплескен. Шынында да түкмен, өзбек, қазақ, рус ҳәм тағы басқа халықлардың музыкасын тыңлап, итибар берип отырсақ ҳәр қайсысының ырғақлары, мелодии нағыс бериў усыллары, әлетте ҳар кыйлы екенлигин байкаймыз.

Қарақалпақ халық намаларыныда халқымыздың миллий өзгешелигин, тарийхында өз миллийлигин жоғалтпаған ҳәм халқымыздың турмысының тәбият гөззаллықлары, қайғы, куўаныш сезимлери, булардың ҳәр қайсысы өзине тән ырғақ, нағысларына бөленип сүўретленгенин көремиз.

Намадағы нала, ырғақлар қаншелли анны, шырайлы етип алынса, наманың мазмунын ашыўда ырғақлардың йошлы алынып атқарылыўлары наманы байытып, онда қарақалпақ музыкасына тән болған миллий

колоритти келтирип турады. Сонның ушында  ҳәр бир үйреншик сазенде дас пенен налаларды алыў усылларына толық көўил бөлип, оларды тереңнен үйренип, өзлестирип алыўлары керек. Сонда ғана оның атқарыўшылық шеберлиги және де байыйды.

Усы диплом жумысымның темасы дас ҳәм налалар ҳаққында болғанлығы себепрли, екинши бөлимде, дуўтар сазларындағы дас ҳәм налалардың алыныя усылларын, оның түрлерин ҳәм әҳмийетлери ҳаққында кең түрде сөз етилди. Бул бөлимде, және де қарақалпақ бақсылары ҳам олардың мектеплери хаққында, олар арасындағы айырмашылықлар ҳаққында, олардың шәкирт таярлаў усыллары ҳаққында сөз етилди. Себеби ҳәр бир мектеп ағзалары ҳәр қыйлы намаларды, сазларды атқарыўында дәслери-налалары, басқа мектеп ағзаларының дәслеринен оның нала алыўлары өзгеше болады. Бунда биз ҳәр бир мектеп атқарыўшысының атқарыў шеберликлерин, олардың оқыған таярлаған мектеплерине барып тақалады деген жуўмаққа келдик. Ҳақыйқатында да ҳәр бир шәкирт өз устазына уқсағысы келеди, оны еликлеўге ҳәрекет етеди. Демек, солай екен оның музыкасын, қосықларын тап устазындай етип атқарыўға ҳәрекет етеди. Бақсышылық өнериниң қалиплесиўи ҳәм раўажланыўы узық дәўирлерди өз ишине алады.

Ал ҳәзирги ўақыттағы бизлерге жетип келген намалар әлбетте толык барлығы емес, тек ғана халық кеўлинен өшпес орын алған намалар деген пикир бөтен емес деп ойлаймыз. Лекин усы бийбаха байлығвымыздың қәдирине жетип, оларды журтшылыққа жеткизиў ушын намаларды қайтадан ислеп шығыў, нотаға түсириў жумыслары аз-кем қолға алынбақта.

Халық намалары менен сазларын ноталастырып китап, топлам етип шығарыў мәселесин, буннан бурын атақлы композитор А.Халимов Оз тәжирийбесинде сынап көрген еди. Бирақ оның китабында тек молодиялар ғана берилген болып қарақалпақ миллий музыкасына тән болған ҳар

қыйлы безеўлер, қашырымлар, дәслер көрсетилмеген еди. Бул намаларды шерткенде атқаорыўшы тек наманың негизги сүлдерин шертиўи мүмкин. Қарақалпақ халық намаларын сулыў ететуғын да безеў, наллар, болғанлықтан оны тыңлаған адамды эстетикалык ҳәрекетке бөлейди. Қарақалпак халық намаларын нотаға түсириў үлкен әҳмийетке ийе, себеби дуўтар сазлары атқарылыў процессинде, оның айырым дәслери, қайырымлары, бир-бирине жүдә усап кетеди. Соған байланыслы басқа элементлерде араласып кетиўи де мүмкин. Ўақыттың өтиўи менен олар сазендениң ядынан шығып кетиўи де мүмкин. Мине усындай аджасықларға жол қойылмаўы ушын намаларды нотаға түсириў жумыслары қолға алынбақта. Қала берсе бул талаптың және де бир унамлы тәрепи, бул ноталастырылған халық нама, азларымызды жер шарының қәлеген еллериндеги бизиң миллий мийрасымыз бенен қызығыўшы қәнигелер аджаспай оқыўына, атқарыўына, терең түсиниўине мүмкиншилик туўылар еди. Буның өз бизиң миллий музыкамызды дүнья сахнасына алып шығыўға жәрдем береди.

Сол себепли, бул тараўды изертлеў, раўажландырыя, келешек әўладқа мийрас етип қалдырыў ҳәзирги ўақытта бул тараўда ислеп атырған адамлардың әдиўли ўазыйпасы деп ойлайман.

Қарақалпақ халық намаларын нотаға тусириўде жаңа алым Д.Алланазаровтың 2002-жылы жазылған «Қарақалпақ халық сазлары» атлы мийнети болып есапланады. Бул китап 40 қарақалпақ халық сазынан ибарат. Д.Алланазаров бүгинги қунде халық музыкасын нотаға түсирип, оны кең журтшылығымызға жеткизиўде үлкен жумыс ислеп атырған талантлы жас музыка қанигелерининң бири. Ол 2005-жылы «Қарақалпақ сазлары» атлы мийнетин жазды. Бул китапта 70 қарақалпақ халық намасы нотаға берилип, оның 40 намасы бақсы Г.Тилеўмуратовтың атқарыўындағы халық намаларынан бериледи. Олардан, «Қара жорға», «Бес перде», «Мың тумен», «Назлы», «Илме султан», «Нама басы» ҳам

тағa басқада бир қанша намалары киргизилген. Генжебай баксының репертуарынан бул намалардың алынып нотаға түсирилиўи бизиң заманымызға жеткен қарақалпак бақсыларының tн көрнеклисиниң жолы нотаға түсирилиўи бул намалардың және бир қунлы бахалы тәрепи.

Бул китапта халық намалары «ала мойнақ» дуўтарға бағдарланып еки даўыста жазылған хәм сол жанрға тән болған атақлы бақсы сазенделеримиздиң дөреткен миллий ырғақ-нағысларының, дәс қағыў усылларының барлығы да толық нотаға түсирилген.

Қарақалпақ халық миллий музыкасы ҳәм музыкалық мәденияты ҳәзирги күнде күн сайын раўажланбақта. Оның ҳәзирги биийик шыңларға жетиўине 50-жыллардан баслап Ташкент қаласындаға Хамза атындағы музыка-көркем-өнер билим орнын ҳәм Ташкент консерваториясын питкерип келген қәнигелер өзлериниң салмақлы үлесин қосты. 1960-жылы Нөкисте көркем-өнер билим орнынын ҳәм 1970-жылы мәдений-ағартыў техникумының ашылыўы Нөкис педагогикалық институтында ҳәм Нөкис мәмлекетлик университеиинде музыка-факультетинин шөлкемлесияи музыка тараўында да қәнигелердиң жетилисип шығыўына мүмкиншилик туўдырды. Солардың атқарыўшылық ҳәм дөретиўшилик мийнетлери нәтийжесинде музыка мәденияты тараўында айтарлықтай өзгерислер пайда болды.

Республикамыздың өз ғәрезсизлигин алыўы менен ҳуқықый мәмлекеттиң миллий идеологиясын алып қараўда биз ата бабамыз дөретип кеткен миллий байлығымызға сүйенемиз. Өз халқының миллий қадириятларын қәдирлеп билетуғын жас әўладты тәрбиялаў бизиң алдымызда турған ең әдиўли ўазыйпа.

Халық намаларының, өсип киятырған жас әўладқа миллий санасын оятыўда, олардың өз халқына, елине, Ўатанына садық инсан болып тарбияланыўында хызмети айрықша.

Орта ҳәм арнаўлы билим орынларын музыка тараўы бойынша питкерген жаслар келешекте халықтың музыка мийрасларын үйренип, раўажландырып, нота жазыўларына түсирип, келешек әўладларға мийрас етип қалдырыў керек.

Биринши шақырық Өзбекстан Республикасы Олий мажлисиниң 14-сессиясында 1999-жыл 14-апрелде И.А.Каримовтың ислеген баянатында «Жоқары қәнигели педагог кадрларды таярлаў ҳәм қайта таялаўға айрықша итибар бериў керек. Мамаҳалар таярлаўдың сыпаты, Еркин пикирлеўши инсан ҳам пухараны камал таптырыў, ертең класслар ҳәм аудиторияларда кимлер сабақ бериўине байланыслы» делинген.

Сол себепли, музыка тараўының жүдә қыйын болыўына байланыслы, болажак қәнийгелерди сайлап алып, оларда халық мийрасларын қәдирлеў, үқрениў, раўажландырыў мәселелерин устазлар өз алдына бас ўазыйпа етип қойыўлары керек.

# Пайдаланған әдебиятлар

1. Каримов И.А. По пути безопасности и стабильного развития. Т.-6. Ташкент.

2. Каримов И.А. Раскрытия потенциал каракалпакской земли, подъем уровня жизни людей актуальная задача. Правда востока. 2002.3-май

3. Каримов И.А. Тарийхий хотрасиз келажак йўк. Ташкент. Шарк. 1998.5-б.

4.Адамбаева. Т. Революцияға шекемги қарақалпақ музыкасы. Нөкис qouy-жыл.

1. Қосбергенов. Р. «Қарақалпақ халқының колонияль дәуириндеги мәденияты ҳәм турмысы». Нөкис qou0-жыл

2. Тәжимуратов. Ә. «Қарақалпақ халық қосықлары» Нөкис qoyt-жыл

3. Дәўқараев. Н. «Революцияға шекемги қарақалпақ әдебиятының очерклери». Нөкис qoyq-жыл

4. Айымбетов. Қ. «Халық даналығы»Нөкис qoii-жыл

5. Айымбетов.Қ. «Тарийхый қосықлар, жыраўлар репертуарында» Әмиўдәрья журналы Nu qoyr-ж

6. «Қарақалпақ фольклоры» V-том. Нөкис qoi0-ж

7. «Қарақалпақ халық намалары» VIII-том Тошкент qoto-ж

8. Бердақ «Таңламалы шығармалары» Нөкис qoiu-ж

9. Әжинияз «Бир пәрий» Нөкис qooe-жыл

10. Мақтымқулы «Таңламалы шығармалары»

11. Дәўқараев Н. «Шығармаларының толық жыйнағы» w-том. Нөкис qouu-жыл

12. . Мәмбетов К «Қарақалпақ толғаўлары» Нөкис qoot-жыл

13. Ахметов. С, Мәмбетов. К. «Қарақалпақ әдебияты» o-класс Нөкис qoot-жыл

14. Едиге «Қарақалпақ халық даналығы» Нөкис w00q-жыл

15. Алламуратов. А, Доспанов О., Тлеўмуратов Г. «Қарақалпақша көркем-өнер атамаларының сөзлиги» Нөкис qooq-жыл

16. Сағыйтов. И. «Қарақалпақ халқының қаҳарманлық эпосы» Нөкис qoye-жыл

17. Мақсетов.Қ. «Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар» Нөкис qou0-жыл

18. Алланазаров. Д. «Қарақалпақ халық сазлары» Нөкис w00w-жыл

19. Юсупов. И. «Таңламалы шығармалары» Нөкис qoiu-жыл